Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 19 май Рузман №21 (7782) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Райадминистрациялда

## ТIадвуссун Украиналде ана



Итни къоялъ районалъул нухмалъиялъ Украиналде регIана къокъаб болжалалъул отпускалъе вачIун вукIарав хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулев Хонохъа Герейхан ГIубайдулаев.

КIиго анкьалъ хьизан-лъималазухъе щвезе вачIарав Герейхан гIахьаллъана Бергьенлъиялъул къоялда хурхун Агъвали тIоритIарал байрамалъулал тадбиразда.

Райдминистрациялда гьев нухда регIана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадовас, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадовас ва Хонохъ росдал администрациялъул бетIер ГIабдулхабир МухIамадовас.

Райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадовас гьесие ва цогидалги гIолохъабазе гьари-рахьи гьабуна сах-саламатго, рагъулаб операциялда лъугIун, тIадруссагиян.

-Рагъулаб операциялъул гIахьалчагIи ккола нилъер бахIарзал. Гьел къасиги, къадги, сардилъги руго кьалда. Нилъеца гьел хьизан-лъималазул ургъел гьабизе теларо. Гьезие хIукуматалъ мугъчIвай гьабулеб буго, хадубккунги гьабизе буго,-ян абуна Халилула МухIамадовас.

НухбитIиялъулал кIалъаял гьаруна гьединго МухIамад НурмухIамадовас ва ГIабдулхабир МухIамадовас.

Дандельиялъул ахиралда Герейхание гьаруна сайгъаталги.

Жиндир хьизан-лъималазе гьабулеб кумекалъухъ ва жиндир гьабулеб адаб-хIурматалъухъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна Герейхан ГIубайдулаевас районалъул нухмалъиялъе ва гIун бачIунеб гIелалъул берцинаб ракълилаб гIумруялъе гIоло кьеркьезе кидаго хIадурав вугин живанги абуна.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

Юбилей

## Районалъул бетIерасул барки



13 маялда 70 сонилаб юбилей кIодо гьабуна Россиялъул художниказул Созалъул член, Дагъистаналъул Пачалихъияб премиялъул лауреат, Дагъистаналъул халкъияв художник, Россиялъул мустахIикъав художник, скульптор ГIали МухIамадовас.

Районалъул бетIер Шамил ГIумаровас ва районалъул интеллигенциялъ баркулеб буго ГIали МухIамадовасда юбилей, гьарулеб буго гьесие щулияб сахлъи, халатаб гIумру, икъбал ва творчествоялъулаб гьира-шавкъ.

Ралел бакIазда

## Гьигьалъ цIияб школа бан лъугIулеб буго

Араб анкьалъ райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадов ва райадминистрациялъул бакIал раялъул, нухлулабгун транспорталъул ва рукъалъулгун коммуналияб магIишаталъул отделалъул нухмалъулев ХIажимухIамад МуртазагIалиев щвана Гьигьалъ росулъ балеб цIияб школалде.

Школа балеб организациялъул вакилзабазулгун ккараб гарачIвариялда Халилула МухIамадовас абуна бюджеталдаса риччарал гIарцулал сурсатал жиндир болжалалда хIалтIизаризе кколин, школа баялъе хIалтIизабулеб материалги тIадегIанаб даражаялъул букIине кколин.



Подрядчикас ракIчIезабуна хIалтIи графикалда рекъон унеб букIиналда ва цIараб болжалалде школа бан лъугIиялде.

Цебеккун чанги батIи-батIиял гIиллабазда бан, школа баялъул хIалтIи хIинцро унеб букIана. Гьаб сапаралъ Халилула МухIамадов гьениб гьабулеб хIалтIудаса разиго хутIана. Гьес росдал администрациялъул бетIер Рамадан ГьазимухIамадовасда ва школалъул директор МухIамад МухIамадкеримовасда тIадкъана школа балезе кверчIвазе ва гьезие хIажатаб-къваригIарабщинаб чIезабизе кумек гьабизе.

**Зульфия Сажидова**

Барки

### Ассаламу гIалайкум, «Чапар» газеталъул хIалтIухъаби!

РакI-ракIалъ баркула нужеда «Чапар» газеталъул тIоцебесеб номер къватIибе араладаса 90 сон тIубай.

Инсаниятаълъул цебетIеялъул тарихалда кIудияб бакI ккола басмаялъ. Гьеб ккола халкъалъул рухIияб цебетIеялъул даража борхизабулеб цо бутIа.

Нужер газетаялъ кIудияб кIвар кьолеб буго Казбек районалъул социалиябгун экономияб рахъ цебетIеялъе ва халкъалъе рухIиябгун патриотикияб тарбия кьеялъе. Хасго кIвар кьолеб буго магIарул мацI, тарих, адабиятгун маданият цIуниялъе, магIарулал цолъиялъе ва гьезда гьоркьоб хурхен щулалъиялъе.

Божи буго хадубккунги «Чапаралъ» гьеб рахъалъ хIалтIи жеги лъикI гьабилин.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, талихI, икъбал ва хIалтIулъ лъикIал хIасилал.

**ХIурматгун, «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъаби**

ЦIияб тIехь

# ГIумрудул ракIалдещвеял



Дагъаб цебе къватIибе бачIана Каримуллагь ГIабдулаевасул «Дир гIумрудул ракIалдещвеял» абураб тIехь.



Гьелъул цебелъей тIобитIана араб рузман къоялъ МахIачхъалаялда Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекалда.

Каримуллагь ГIабдулаев гьавуна 1956 соналъул 13 маялда Хуштада росулъ. Гьев лъаларев чи Дагъистаналда, хасго магIарулльиялда ватиларо. Каримуллагь ккола Дагъистаналъул искусствоялъул мустахIикъав хIаракатчи, Дагъистаналъул халкъияв артист, махщел цIикIкIарав композитор, Дагъистаналъул халкъияв БахIарчи.

Гьес хъвана щунусгоялдасаги цикIкIун бакъан ва анкьго симфония.

Авторас жиндирго техьалъе эпиграфлъун бачунеб буго МухIаммад Аварагасул (с.т.гI.в.) «Щив чи вугониги жинца муъминчиясе тарих лъун (гьесул тарих хъван), гьеб рельълъуна гьев чIаго гьавиялда, щив чи вугониги муъминчиясул тарих цIалун, гьеб рельълъуна гьесухъе зиярат гьабиялда ва щив чи вугониги муъминчиясухъе зиярат гьабун, гьев мустахIикълъула Алжаналда жанив Аллагьасул разилъиялъулъ вукIине» абураб хIадис.

Каримуллагьица хъвалеб буго жиндирго гIумруялъул, лъимерлъиялъул, гIолохъанлъиялъул, росдал жамагIаталъул, росулъ рахьарал гIалимзабазулгун шайихзабазул, гьенир ругел зияратазул, росдал тIабигIаталъул, гIадатазул, жиндирго захIматалъулаб нух байбихьиялъул, хадубккун араб гIумруялъул. Руго гьенир гьудул-гьалмагъзабазул хIакъалъулъ хъварал ракIалдещвеялги, жинцаго хъварал ва жиндир хIакъалъулъ гьудул-гьалмагъзабаз хъварал кучIдулги.

Жиндирго гIумрудул бицунаго, Каримуллагьица рехсолел руго магIарулазул машгьурав шагIир МухIамад Бияслаевасул рагIаби:

**Дица гIумру тела гIадада инчIин,**
**ГIураб росулъниги дир цIар хутIани.**
**Хабалъ дун лъолелъул росдал жамагIат,**
**ГIадан ватIалъанин пашманлъанани.**
**Дица гIумру тела гIадада инчIин,**
**ГIадамаллъун лъимал дир лъугьанани.**
**Дир хабаде рахун дир зани сверухъ,**
**Гьале ниж дадаян гьез шуранани.**

ГIадамазги росдал жамагIаталъги рикIкIунев чилъун вахъани, тIокIабги щиб кваригIинеб инсанасе.

ТалихIав вугищан жинда гьикъани, кутакалда талихIав вугилан жаваб кьелин жинцаян хъвалеб буго авторас. Жив талихIав вукIиналъе рачунел руго гьадинал хIужаби:

-бусурманав вижиялдаса талихIав вукIин;

-магIарулльиялда баракатабин рикIкIунеб, киданиги, хIатта коммунистазул заманалдацин мажгит къачIеб, гIалимзабазулгун шайихзабазул росулъ гьавурав вукIин;

-магIарулазда гьоркьор гIемерал сахал гьудул-гьалмагъзаби ва ракIжубарал гьалбал жиндир рукIин.

Каримуллагьил рохалилаб горсверуде гьесда тIехь



къватIибе биччай ва гьавураб къо баркизе рачIун рукIана ЦIумада районалъул бетIер Шамил ГIумаров, аваразул миллияб автономиялъул нухмалъулев Айтемир Сатираев, Пачалихъияб Думаялъул депутат Сайгидпаша ГIумахановасул кумекчи, тарихчи Шамхалдибир ГIисаев, филологиял гIелмабазул доктор АхIмад МуртазагIалиев, медицинаялъул гIелмабазул докторал ГIалихIажи ГIабдулаев ва АхIмад ГIазизов, Дагъистаналъул художниказул Союзалъул нухмалъулев КъурбангIали МухIамадов, журналистал, шагIирзаби, кочIохьаби, гьудул-гьалмагъзаби ва росу - районцоял. Тадбиралъе нухмалъи гьабуна Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член, Дагъистаналъул мустахIикъав артист Къурбан КIулизановас.

КIалъазе рахъараз Каримуллагьида баркана тIехь къватIибе биччай ва гьавураб къо, гьарана гьесие щулияб сахлъи, рохел, хадубккунги тIахьал хъвазе творчествоялъулаб гьира-шавкъ, ахIана Каримуллагьил бакънazда кучIдул.

Тадбиралъул ахиралда ракIалде щвеялъе рахьана суртал, гIуцIана гIодорчIей ва берцинаб гара-чIвари.



**ГIубайдула Малачдибиров**

Спорт

# Депутатасул призазе къецал

АнцIила анлъабилеб маялда Агъвали тIоритIана халат рекериялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпион, ва Москваялда тIоритIарал Халкъазда гьоркьосел хIаязул гIахьалчи, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камиловасул призалъе гIоло 2006-2011 соназ гьарурал цIалдохъабазда гьоркьоб тIадагьаб атлетикаялъул ва миллияб спорталъул рахъалъ районалъул къецал.



Къецазда гIахьаллъи гьабуна Агъвали, ТIинди, ТIисси-ахикь, ТIадгъаквари, Эчеда, Къеди, Силди, Сасикь, ТIисси, Метрада, Гъоркьхъварщини, Хуштада, Гьигьалъ, Гьимерсо, Гьигьалъ-гIурухъ школазул командабаз.



Къецазул ккана хадур рехсарал хIасилал:

-400 метралъул манзилалда екерун 1 бакI ккуна ТIиндиса Аличуева Багьжатица, 2 бакI -Агъвалиса ГIалиева Сафияца, 3 бакI - ТIадгъаквариса ГъазимухIамадова Фатимаца.

600 метралъул манзилалда рекерун бергьана Агъвалиса Юланова Асият ва Абакаров ГIабдулкъадир, 2 бакI щвана ТIадгъаквариса ХIасбулаева Марямие ва ТIиндиса МухIамадов МухIамадие, 3 бакI - ТIиндиса Аличуева Аминатие ва Хуштадаса ГIабдулаев АхIмадие.

800 метралъул манзилалъ рекерун бергьана ТIадгъаквариса Сулейманова Амина ва ТIиндиса МухIамадов МухIамад, 2 бакI- ТIиндиса МухIамадова Багьжатие ва ТIисси-ахикьа МухIамадов ГIабдулае, 3 бакI-Эчедаса ХIайбулаева ХIуснуе ва Хуштадаса ЖахIпаров МухIамадие.

1000 метралъул манзилалъ рекерун 1 бакI щвана ТIиндиса ХIажиева БатIинае ва МухIамадов КъурамухIамадие, 2 бакI- ТIадгъаквариса ГъазимухIамадова Салиматие ва Гьигьалъа Абакаров ЗагьидхIажие, 3 бакI-ТIисси-ахикьа АсхIабова Фатимае ва МукIумухIамадов МухIамадие.

1500 метралъул манзилалъ рекерун бергьана ТIиндиса МухIамадова Загьра ва ГIабдулхIалимов Шамил, 2 бакI -ТIадгъаквариса МуртазагIалиева Фатимае ва Гьигьалъа Абакаров МухIамадие, 3 бакI-Эчедаса Набиева Самирае ва Агъвалиса Абакаров Шамилие.

Лъабазарго метралъул манзилалъ векерун бергьана ТIиндиса ГIалимухIамадов ГIабдулхIамид, 2 бакI щвана Агъвалиса МухIамадов ГIалигъалбацIие, 3 бакIалде ккана Силдиса Хучбаров АхIмад.

Щуазарго метралъ векерун бергьана ТIиндиса ГIабдулхIалимов Шамил, 2 бакI-ТIиндиса МухIамадов КъурамухIамадие, 3 бакI- Гъоркьхъварщиниса ГIабдулаев ХIасание.

Чаралъуса кIанцIун 1 бакI -ТIадгъаквариса Мирзаев Рамазание, 2 бакI-Агъвалиса Мирзаев Рамазание, 3 бакI -ТIиндиса ГIалимухIамадов ГIабдулхIамидие.

ГамачI рехун бергьана Гьигьалъа Шагьрудинов ГIумар, 2 бакI ккуна Силдиса Хучбаров Абакарица, 3 бакIалде ккана Агъвалиса Къурбанов Къурбан.

Гиря рехун 1 бакI ккуна Гьигьалъа Шагьрудинов ГIумарица, 2 бакI-Сасикьа Хъиличев АхIмадица, 3 бакIалде ккана Силдиса Хучбаров Абакар.

Турникалда черх цIан 1 бакI щвана ТIисси-ахикьа ГIалиев МухIамадие, 2 бакI- Гьигьалъа Абакаров МухIамадие, 3 бакI- Агъвалиса ГIабдулхаликъов ГIабдулхаликъие.

Командаялъулаб тIоцебесеб бакI щвана тIиндадерие, кIиабилеб бакI-агъвалисезе, лъабабилеб бакIалде ккана тIадгъакварисел.

Бергьарал ва призерал кIодо гьаруна ГIабдурахIман Камиловасул рахъалдасан гIарцулал сайгъатаздалъун ва грамотабаздалъун.

**Заур Бадрудинов**

ГIаданлъи

# РакI-ракIалъулаб баркала



Дагъай цее магIарухъе гьоболлъухъе щварай дун ясгун цадахъ ине ккана Гьигьалъе. Машина нухда щвелин абураб пикруялда ниж къватIире рахъана. КватIичIого тIаде щвана Гьадири унеб машина. Гьигьалъе сверулеб нухде щведал ниж гIодоре рахъине лъугьана. Гьигьалъе щвезарилинги абун, гьес ниж риччачIо гIодоре рахъине. Нижги лъаларев, нижедаги лъаларев чияс гьабураб хъулухъалъ нижее кIудияб асар гьабуна. Гьеб гIаданлъи гьабурав чи вукIун вуго Гьадириса ХIабибил (м.ч.) вас Шамил.

Гьанже машинаби цIикIкIун рукIаниги, гьединал гIаданлъи бугел гIолохъаби дагьал руго. Мажгиталги цIикIкIана, вагIзанасихIатги цIикIкIана, амма цоцазул къимат гьабулел гIолохъаби дагьал руго. Диналъул вацал-яцазе кумек гьаби кутакалда даража цIикIкIараб иш бугониги, нухда квер борханиги, чангияз машина лъалхъизабуларо.

Бокьун буго газета гьоркьобккун Шамилие ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе. Аллагьас киве аниги гьесие нух битIаги, рекIел мурадал тIуран, хьизан-лъималазухъе тIадвуссаги.

Ниж гIадин Аллагьги разилъаги гьеса.

**Мадина ГIалиева**

Призыв-2023

# Призывная кампания продолжается

Уважаемые Цумадинцы!

Военный комиссариат Цумадинского муниципального района Республики Дагестан, в рамках весенней призывной кампании, продолжает отбор граждан, для прохождения действительной военной службы в Вооруженных Силах РФ.

Из Республики Дагестан на военную службу предстоит отправить около 4000 новобранцев, в том числе с Цумадинского района более 30 призывников. Они будут направлены во все виды и рода войска Вооруженных Сил РФ, а также в другие войска, где законом предусмотрена воинская служба. Первая команда призывников уже отправлена в войска.




При этом сообщаем, что призывники в зону проведения специальной военной операции не направляются, так как это принципиальная позиция Президента страны Верховного Главнокомандующего ВС РФ В.В. Путина.

В проводимой специальной военной операции на Украине принимают участие только военнослужащие по контракту.

Военнослужащим гарантированы социальные льготы от государства. В соответствии с ФЗ от 27.05.98 г. №76-ФЗ «О статусе военнослужащих», солдаты и офицеры, проходящие военную службу, имеют право на труд. День нахождения граждан в армии по призыву засчитывается как два дня работы.

В дальнейшем, наличие трудового опыта положительно сказывается при начислении различных пособий на месте работы, например - при расчете больничного листа.

После демобилизации, в течение трех месяцев, за военнослужащим сохраняется возможность вернуться на работу в государственную организацию. При этом ему гарантируется должность не ниже занимаемой ранее.

После прохождения службы в районах с тяжелыми климатическими и экологическими условиями или другими условиями, опасными для жизни, солдатам назначается пенсия по старости в связи с особыми условиями несения военной службы.

**М. Расулов,** военный комиссар района

## Колонка прокурора

# Прокуратура направила в суд исковые заявления

Прокуратурой Цумадинского района в соответствии с поручением прокуратуры республики и плана по активизации исковой работы прокуратуры района на 1 полугодие 2023 года проведена проверка в сфере соблюдения прав детей на охрану жизни и здоровья при эксплуатации спортивных площадок в образовательных организациях района.

Проверкой установлено, что на поднадзорной территории в образовательных учреждениях района для занятия физической культурой и спортом установлены 19 спортивных (воркаут) площадка, из которых только 1 обеспечен удароподлащающим покрытием.

В августе 2022 года в целях устранения нарушений закона прокуратурой района по выявленным нарушениям закона 02.08.2022 в адрес главы МР «Цумадинский район» было внесено обобщенное представление об устранении нарушений закона. Представление рассмотрено, а ответственные должностные лица привлечены к дисциплинарной ответственности, однако отмеченные в представлении нарушения закона по настоящее время не устранены.

В связи с этим прокуратурой района в Ботлихский районный суд 15.05.2023 направлены 18 исковых заявлений в защиту интересов неопределенного круга лиц об обязании администрацию МР «Цумадинский район» обеспечить финансирование работ по установлению удароподлащающего покрытия по всей зоне приземления детей при занятии физической культурой и спортом на спортивных (воркаут) площадках школ Цумадинского района, а также обязать школ в течение 30 дней после финансирования администрацией МР «Цумадинский район» провести работы по установлению удароподлощающего покрытия по всей зоне приземления детей при занятии физической культурой и спортом на спортивных (воркаут) площадках.

О результатах рассмотрения исковых заявлений и устранения выявленных нарушений закона прокуратурой района взято на контроль.

**Г. Арадахов,** заместитель прокурора района

## Эркенаб гугари

# Районалъул цIар борхатго цIунизесел

8-9 маялда Карачаево-Черкесиялда тIоритIана Россиялъул бахIарчи, авиациялъул генерал-майор Канамат Боташев



ракIалде щвеялъе спортивияб гугариялъул рахъалъ студентазда гьоркьор тIолгороссиялъул кьецал.

Гьенир гIахьаллъана Россиялъул регионаздасан ва кьватIисел улкабаздасан ункъ-нусгогIанасев гугарухъан.

Командаялъулаб тIоцебесеб бакI щвараб Дагъистаналъул тIасабищараб командаялда гьорлъ цере рахьарал нильер районалъул гугарухъаби.

Меседил медалазе мустахIикълъана Эчедаса ХIабиб Заурбеков (70кг.) ва Гьигьалъа СаидмухIамад Гьайирбегов (125 кг.).




КIиабилеб бакI ккуна 65 кг. цIайиялда цеве вахьарав Агъвалиса МухIамад Тажудиновас. Гьебго цIайиялда лъабабилеб бакI ккуна Кванхиса ГIабдулмуслим Муртазовас.

Бергьаразе ва призеразе ихтияр щвана университетазда гьоркьоб Екатеринбургалда тIобитIизесеб халкьазда гьоркьосеб спорталъул фестивалалда ва ТIолгороссиялъул универсиадаялда гIахьаллъизе.

**Шамил Бадрудинов**

Дагъаб цебе Казахстаналъул Атырау шагьаралда гIолилазда (U17 ) гьоркьоб тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб турнир.



Гьенив 92 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна Астраханалда гIумру гьабун вугев КIванадаса Гъазиев Саидица.

Турниралда гIахьаллъана кIинусиялда кIикьогоялдасаги цIикIкIун гугарухъан. Гьенир гIахьаллъарал Дагъистаналъул гугарухъабазе щвана анкьго меседил, лъабго гIарцул ва анлъго мазгарул медаль.

**Халил ПирмухIамадов**

## Субсидия

# Фермеразе кумек

МугIрузул районазул ракъазда росдал магIишаталъул продукция гIезабулел магIишатазе (фермеразе) ДРялъул экономикаялъулги территориалияб цебетIеялъул министерствоялъ кIудияб гурел роцадул, щуазарго квадратияб метралъул теплицаби разе кьолеб буго гьел ралаго лъабго миллион гъурщидаса цIикIкIун гьечIел гьарурал харжазул 50 процент субсидия.

Гьеб щвезе бокьараз ахIизе бегьула районадминистрациялде. **тел. 8 967 396 01 92.**

**МухIамад КъуратмухIамадов**

# МухIамад ГъазимухIамадов



12 маялда гIумрудул 75 сонил ригьалда халатбахьараб унтудаса хадув нильедаса ватIалъана захIматалъул ветеран МухIамад ГъазимухIамадов.

МухIамад гьавуна 1948 соналъ ТIадгьаквари росулъ.

ЗахIматалъулаб нух байбихьана Советияб Армиялда хьулухъ гьабун хадуб, 1971 соналъ МахIачхъалаялда цIорол кIкIор гьабулеб заводалда. 1972 соналдаса нахъе хIалтIана социалияб рахьалъ гIадамал хьезариялъул районалъул отделалда инспекторлъун, райисполкомалъул инструкторлъун. Пенсиялде инегIан хIалтIана Пенсиялъулаб фондалъул районалда бугеб отделениялда.

МухIамад вукIана гIодове виччарав, гIадлу бугев, гIаданлъи бергьарав, хIалтIухъабазда гьоркьов ас бугев, гIадамазда гьоркьов къадрукъимат бугев чи. Гьесие хасиятаб букIана хIалтIудехун ракIбацIцIадаб бербалагьи, жавабчилъи, гьабулеб ишалъулъ мухIканлъи ва дурусльи.

МухIамад къадаралде щвеялда бан нижеца гьваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго гьесул хьизан-лъималазда, гIага-божаразда ва ТIадгьаквари росдал жамагIаталда.

Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги.

**Россиялъул Социалияб фондалъул районалда бугеб офисалъул хIалтIухъаби**

## Зигараби

Гьал къояз рагIана дир гьалмагъ ТIадгьаквариса МухIамад ГъазимухIамадов Аллагьасул къадаралде щванин абураб пашманаб хабар.

Дирго рукъ-хьизаналъул ишазда бан зигараялъе вачIине рес рекъечIолъиялъ, бокьун буго газета гьоркьобккун гьваридаб пашманлъиялда зигара базе Метрада росдал жамагIаталъул ва дирго рахьалъан МухIамадил хьизан-лъималазда, гIага-божаразда ва росдал жамагIаталда.

Аллагьас рухI иманалда босун батаги, нахъе ругезе сахлъи кьеги.

**ХIабиб Давудов**

Районалъул больницаялъул коллективалъ гьваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго ГIалиасхIаб ва Написат ХIусеновазда гьезул ясалъул вас

**ХIажимурад**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги, хьизан-лъималазе ва гIагарлъиялъе иманияб сабру кьеги.

## Подписка-2023

### Хирияб районцоял!

Унеб буго 2023 соналъул к1иабилеб бащалъиялъе «ЦIумадисезул гьаракь» газетаялъе подписка гьаби. Районалда ва гьеб тун кьватIир гIумру гьабулел цIумадисел ахIула нильерго мацIги, цIарги, адабиятги, маданиятги цIунулеб газета хьвазе.

Халкъалъул гIумруги бихьизабулеб, жибгоги бечедаб, багьаги учузаб гIагараб районалъул газета хьвай, цIумадисел!

**Багьа: бащдаб лъагIалие - 318, 36 гьур.**

**Индекс: бащдаб лъагIалие - 51377**

## Лъазаби

Гьигьалъ росулъ гIумру гьабун вугев Мажидов МухIамад Гьафуровичас лъазабулеб буго Гьадири лъарахъ ХIотоколосул авалалда тIадехун чIвадазда аскIоб бугеб жив бетIергьанав хурул документал гьаризехьин вугин живан. 18 июналда гьенир сверухъ ракьал ругел гIадамал рачIине ккела гIорхъаби цойиде ккезаризе.

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияй секретарь
Сажидова
Зульфия АхIмадовна
2-52-92

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу
Заводалъул кьватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация

Газета кьватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1491
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальгольи
гьорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maiI.ru